



De jou mwademe (Two Days in May)

Yon samdi maten nan mwa may m t ap gade nan fenèt lakay mwen. Mwen wè senk bèt k ap manje **leti** nan yon ti jaden dèyè apatman kote mwen rete a.

“Mama! Mama!” Sonia rele. “Vin wè sa ki nan lakou a!” Mama kouri vin nan fenèt la epi tou sezi li di: Sonia bèt sa yo se **sèrf**,” Men kijan yo fè vini la a?” I ap mande. “Mwen pral kouri di Mesye Donovan sa.”

De tan pou Sonia ak Papa I soti deyò, moun te deja kòmanse ap **rasanble**. Lè m gade, mwen wè Isidro Sanchez ak sè li Ana. Yo te kanpe tou pre Mesye Smiley, mèt **Blanchisri** a. Bon zanmi m Peach, Chester ak Clarence Martin epi tou, sè Yasamura yo. Mwen wè Mwsye Benny chofè taksi a ansanm ak « Pigeon Lady » ki t ap fè yon ti souri anba anba.



sèrf



sèrf

Aprè sa, nou resevwa move nouvé. Sèrf yo tap mouri grangou si yo rete nan vil la. Yo koupe tout pyebwa pou yo fè wout epi pou yo bati vil. Sèrf yo pa gen okenn kote pou yo ale. Pa gen ase **rak bwa** pou bèt yo rete viv, se poutèt sa yo mache soti byen lwen ap chache manje. Yap chache **teritwa** pa yo.

Kontrolè a di pou yo **fizye** yo. “Se la lwa.” Tout moun gade yon silans. Ou te sèlman ka tande bwi machin k ap pase. Mesye Benny se premye moun ki pran **lapawòl**. “ Nou pa kapab kite yo tiye sèrf yo. Se pou nou chache yon lòt **solisyon**.”

Tout moun nan katye a di yo pa p kite yo fizye bèt yo! Se sa Teresa Yasamura di. Tout moun tonbe dakò. Epi Chester limenm di, “Yo pa ka fizye sèrf yo devan fowl moun sa yo. Li t ap yon twò gwo danje.” Se vre Papa di a wot vwa. “Nou ka fòme yon mi ak tout moun ki la yo san nou pa bezwen ale twò pre bèt sila yo.” Isidor di li dakò. “ N ap rete jistan nou twouve yon solisyon.” E se te kòmansman yon **pwotestasyon pasifik**.

Mesye Benny di li sonje te gen yon òganizasyon ki te ede yon **rena**, yon machin te frape l e yo te jwen tretman ak kay pou yo mete li. “Mwen pral gade si m ka jwenn nimewo telefòn moun sa yo.”

Nan demen maten Mesye Benny telefòne yon travayè biwo pwoteksyon pou animal. Li vini e pran sèrf yo li menm. Li mennen yo nan yon rak bwa lwen vil la. Sèrf yo ap ka viv la san danje epi y ap ka jwenn anpil manje pou yo manje. Nou tout te kontan paske nou te met men ansanm pou nou ede sèrf yo. Tout moun nan katye m nan vin pi bon zanmi. M toujou ap reflechi sou sèrf yo nan nouvo abita yo.



chase



pwoteksyon



Abita serf

Aktivite

Mwen konprann téks la.

1. Poukisa tout moun nan katye te vin gade sèrf yo nan jaden an?
2. Kijan Papa te pran reyaksyon Kontrolè a?
3. Poukisa tout moun te fè silans lè Mesye Donovan di sak pral pase sèrf yo?
4. Kouman fòmè yon mi otou sèrf yo pwotege yo?
5. Kisa sa vle di yon pwotestasyon pasifik?
6. Ki kalite egzanp otè bay pou li montre bon travay biwo pwoteksyon fè?
7. Èske plan vwazen yo mache? Kijan ou fè konnen?
8. Kisa otè vle fè konnen lé li di yo koupe tout pye bwa pou bati vil? Kisa ou konprann nan sa?
9. Kisa ou ka di apre tèt ansann vwazinaj genyen, kijan ou panse yo pral viv youn ak lòt?

Ann nou reflechi sou téks la.


1. Poukisa Sonia p at fache lè sèrf yo t ap manje leti yo nan jaden an?
2. Ki moun ou panse ki se yon ero nan istwa a ? Bay rezon ki fè ou chwazi moun sa a?
3. Kijan kominote a rezoud pwoblèm nan? Itilize detay ou jwenn nan istwa a?
4. Ki kalite bèt ou jwenn plis nan katye kote w ap viv la? E ki jan moun ki abite katye a reyaji
5. Kijan bèt sa yo konpòte lè yo pre moun?

Devlopman Langaj:

Sèrf – zwazo – lapen – rena – raje – sous dlo –
Fè elèv yo klasifye tout mo sa yo e mete yo nan bwat la.



Sérf



lapen



zwazo



Rena



sous dlo

Bèt	Plant	Lòt


Nan yon Jaden

Di elèv yo Jodi a yo pral pale de kijan yo plante vegetab nan yon jaden.

Fè elèv yo konnen vegetab grandi twa diferan jan: anba tè, grenpant, e tankou yon plant.

Fè yo kontinye ajoute lòt vegetab nan tablo sa a.

Anba té	Grenpant	Plant
Zonyon Pòmètè	Pwa frans Pwa tann	Leti chou



zonyon



pòmètè



pwafrans



Leti



pwa tann

Skill Focus: Structural Analysis

Prefiks – re

Fè revizyon sa yon prefiks ye, e bay kèk mo ki kòmanse ak prefiks **re**

Mande elèv yo pou idantifye baz mo a, e ki sa mo a vle di.
Sonje di elèv yo prefiks toujou nan kòmansman yon mo tankou:

Refè – redrese – rekòmanse – remarye – rejwenn – repran – repwodwi – remete – repase – retounen – revann –

Skill Focus: Ekriti

Genyen diferan tip de fraz nan langaj akademik tankou:

Fraz – Keksyon – Eksklamasyon – Ponktyasyon - Kapitalizasyon

a) Ekri fraz sa a sou tablo a: **Sèrf yo t ap manje vegetab nan jaden a.** Fè elèv yo tounen fraz sa a an keksyon.

Ekri sou tablo kèk fraz, e fè yo idantifye fraz la.

b) Kisa ou ta fè si yon jou ou ta wè yon sèrf deyò nan fenèt klas ou a. Kijan w ap fè konnen se yon sèrf. Gade foto a, e dekri yon sèrf.



sèrf